

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Prè



### Ki sa yon prè ye?

Yon prè se nenpòt sa ou resevwa nan men yon moun epi ou dakò pou peye nan yon dat apre. Ou ka fè akò avèk yon enstitisyon ki prete lajan tankou yon bank, oswa yon moun, tankou yon zanmi oswa yon manm fanmi. Ou ka fè sa aloral oswa alekri, men sa dwe aplikab dapre lalwa Leta.

Yon prè kapab:

- ▶ lajan kach;
- ▶ manje; oswa
- ▶ atik pou lojman (lwaye, prè ipotekè, bòdwo sèvis piblik, elatriye).

### Kouman yon prè afekte benefis SSI mwen?

Si w fè yon akò prè ki valab, valè lajan kach oswa atik ou resevwa a pa [revni](#) epi sa pa diminye benefis SSI ou. Men tou, nenpòt lajan ou prete epi ou pa depanse li nan mwa a ap konsidere kòm [resous](#) SSI ou pou \$2000 (oswa \$3000 pou yon koup) mwa pwochen.

Si w prete yon moun lajan, lajan moun nan dwe ou la ka konsidere kòm yon [resous](#) kontab epi sa ka afekte elijibilite ou pou resevwa benefis SSI.

### Èske enterè sou yon prè konsidere kòm revni pou SSI?

Si w prete yon moun lajan, epi nou konsidere akò prè a kòm yon [resous](#), nou p ap konsidere enterè ou resevwa kòm [revni](#).